No. 25 — 20 Juni 1930 — Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen . . . | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| 1/2 „ . . . | f 3,— | |
| 3 woelan . . | f 1,50 | |

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Wanita langkoeng aos ing agami Islam katimbang ing agami Katoelik —Katholieke actie ing Nederland— Kanggé ngindakaken kawroeh—Kawroeh ingkang njata — Poespita mantja warna—Ontjèn sekar gambir melati—K.W. Blitar—K.W. Salatiga — K. W. afd. Salatiga — Parepatan Pangroekti Laja Semarang — Wawasan boekoe — Oerap-sari — Correspondentie.

## WANITA LANGKOENG AOS ING AGAMI ISLAM KATIMBANG ING AGAMI KATOELIK?

Kapinoedjon koela maos Correspondentieblad van de Moeslim-broederschap no. 6 Juni 1930. Ing katja 7 dipoenterangaken (nanging boten dipoentjeplosaken) jèn wanita poenika manoet waton Bijbel: asor, manoet waton Qoerän: sami kalijan tijang djaler, loehoer. Manawi Correspondentieblad maos Bijbel, ladjeng moengel: Jèn mangkono wong wadon Kristen (Katoelik inggih katoet) ikoe asor banget, tandané „asalé baé saka igané wong lanang; sing marahi dosa; koedoe dirèh wong lanang; lsp." Poenika tanda taksih kirang soemerepipoen dateng agami Katoelik, awit ing agami Katoelik poenika wonten wanita ingkang pinoendjoel, inggih poenika Dèwi Marijah. Margi Dèwi Marijah poenika wanita Katoelik inggih dados loehoer.

Bab wanita manoet Qoerän kaanggep loehoer, koela bingah sanget, amargi koela tjotjog jèn wanita boten kadamel asor. Nanging, nanging! Poenika theorie, poenapa praktijkipoen inggih makaten?

1e. Prakawis p o l y g a m i (w a j o e h). Jèn koela gadah sémah, ladjeng koela wajoeh, koela pados ingkang langkoeng enèm; poenapa bok-sepoeh seneng? Mokal! awit waoenipoen ngratoni grija pijambakan, jèn kekésahan toemoet. Sareng kawajoeh! Lair saged oegi katingal ajem, nanging batos kemropok. Poenapa poenika boten ngasoraken wanita?

Wonten tjetjrijosan: Pak Soeta sampoen sémah, ladjeng wajoeh angsal enèm. Jèn tjara Islam manggènipoen pijambak-pijambak. Kotjapa, manawi pak Soeta ingkang sampoen radi oewanen, dateng grijanipoen bok-nèm, oewanipoen dipoenboeboeti, soepados bok-sepoeh soeda tresnanipoen. Jèn pak Soeta dateng grijanipoen bok-sepoeh, ramboetipoen tjemeng dipoenboeboeti, soepados bok-nèm soeda tresnanipoen. Woesana pak Soeta dados boetak, plontos. Tijang èstri dipoendamel kemèrèn margi kawajoeh poenika poenapa watak loehoer?

Masti kémawon wonten wanita ingkang remen kawajoeh a) b o k-s e p o e h, amargi koewatos jèn kapegat, awit tjara praktijk Djawi, sampoena sepoeh, anak-anak katah, kénging kémawon kapegat b) b o k-n è m 1e. amargi nékad, djalaran kajoengjoen. 2. laré doesoen dipoenpendet selir prijantoen, seneng kémawon, moendak dradjadé toer ana sing ngingoni.

Nanging ingkang kados makaten poenika njebal. Limrahing wanita manawi tanpa kamélikan sanès, dipoenwajoeh poenika boten seneng. Jèn kelampah dipoenwajoeh, roemaos dipoenasoraken, wasana tresnanipoen dateng ingkang djaler soeda, woesana saged oegi ladjeng pados katresnaning sanès. Lo mangka manoet Correspondentieblad wajoeh (polygami) poenika ngitjalaken tijang lampah awon!

Manoet piwoelang Islam, tijang djaler kedah sami adilipoen. Kasinggihan, jèn theorie, nanging praktijk kados-poendi? Manawi wonten prijantoen garwa 4, jèn tindakan poenapa tansah toemoet sadaja? Nèh digegoejoe ngoewong! Ora didjak! Lah jèn makaten langkoeng asor kalijan jèn garwa satoenggal. Genti-genti! Lah poenapa saged adil?

Toemrap o p v o e d i n g inggih kirang saé. Ngoedang anak kémawon bokmanawi boten saged, samanten poenika jèn manoet adilipoen. Djalaran jèn ngoedang anakipoen boknèm: wah, bagoesé! Bok-sepoeh manahipoen bentèr, „Anaké koewi dibagoes-bagoes. Anakkoe ora!" Jèn sémah katah, anak katah, poenika poenapa boten noewoehaken tindak ingkang kirang prajogi? Poenapa boten naté kelampahan anak gadah sir dateng bok-nèm oetawi dateng sadèrèkipoen pijambak sanès bijoeng?

2e. Prakawis p e g a t a n, wah memelas! Nanging jèn tjara praktijk Islam rak kénging. Koela soemerep tijang èstri sampoen sèket taoenan, dipoenpegat, amargi ingkang djaler mendet sanèsipoen ingkang nèm. Sambatipoen bok-sepoeh: Gèk djoer menjang ngendi baé! Wonten malih tijang èstri taksih nèm, sampoen gadah anak tiga, inggih kapegat, amargi ingkang djaler pados sanèsipoen, ladjeng opvoeding toemprap laré: itjal. Jèn koela: welas, déné tijang èstri dipoenasoraken makaten. Koela boten ngertos poenapa poenika manoet Qoerän kénging oetawi boten. Nanging praktiking tanah Djawi ngriki genah ngasoraken wanita.

Wonten prijantoen angsal triman poetri. Mesti kémawon tjara Islam kénging megat bok-sepoeh, sarta limrahipoen, inggih kedah katindakaken makaten, awit poenika tanda n g a o s i dateng poetrinipoen. Jèn makaten, monogamie (sémah satoenggal) tjara Katoelik poenika inggih tetéla ngaosi dateng wanita. Sang poetri triman kedah ngratoni ing dalemipoen ingkang kakoeng, „adja ana sing ngaroeh-aroehi kedjaba bodjokoe." Makaten oegi ing golongan Katoelik oetawi tjara monogamie, wanitanipoen ngratoni wonten ing kedatonipoen ingkang raka. Poenapa poenika malah asor?

Saking pamanggih koela, wanita ing golongan Islam poenika tjara prijantoenipoen makaten benoem t i j d e l i j k, béda kalijan ing golongan Katoelik, benoemipoen v a s t. Tijang benoem tijdelijk poenika manahipoen kirang djendjem, makaten oegi wanita ing golongan Islam manah kirang djendjem: „bésoek gèk diwajoeh oetawa dipegat." Manoet praktijk Islam, oepami Anoe sampoen gadah sémah A., woesana Anoe waoe soemerep wanita B, roemaosipoen badé mbladak, poenika poen Anoe kénging t e t o e l o e n g, inggih poenika sarana B. dipoenpendet sémah. Ning ngadat manawi B. waoe awon roepinipoen, inggih boten dipoentoeloeng!

Manoet toelada ing nginggil poenika polygamie (wajoeh) sarta pegatan poenika toemrap wanita n g a s o r a k e n, damel watak kemèrèn, bentèr, malah ingkang katah-katah nenoentoen dateng maksijat. Toemrap anak inggih awon, opvoeding boten toemindak saé.

Bokmanawi Correspondentieblad mangsoeli, jèn toelada ing nginggil poenika sadaja soelaja kalijan piwoelangipoen agami Islam. Lo jèn makaten, tijang satanah Djawi poenika ladjeng ingkang d j a n Islam wonten pinten?

*Pétroes Soeradja.*
(tilas moerid Moentilan)

Secretarisipoen Canisius-stichting ngatoeri priksa dateng sadèrèk katah ingkang rekès kepéngin dados goeroe ing pamoelangan-onderneming ing Djawi-kilèn, bilih panjoewoenipoen boten katampi, amargi mawi réka sanès lowonganipoen sampoen kénging kaisènan.

# PRADJA RAHAJOE.

## KATHOLIEKE ACTIE ING NEDERLAND.

Sinaosa koela boten damang dateng kawontenanipoen tanah Welandi, éwadéné ing ngriki koela wani damel karangan ingkang apoepoetjoek: katholieke actie ing Nededrland. Toedjoening karangan boten badé ngétang lelabetanipoen sedèrèk Welandi dateng pakarjan katholiek (awit temtoe* kirang ing pamawasipoen), wangsoel namoeng badé ngalem oetawi tawi toelada ing sasaged-saged.

Ingkang dipoenwastani katholieke actie inggih poenika: actie ingkang toedjoenipoen mbantoe dateng pakarjaning Pasamoean Soetji, oetawi toemoet-toemoet ndjembaraken tebaning kraton Dalem. Dados menawi kalijan temboeng: missie actie inggih asring namoeng lambanglintoe kémawon tegesipoen.

Menggahing missie actie, ing Nederland poenika klebet nomer satoenggal. Mandar tn. Frankrijk ingkang prasasat poetranipoen Pasamoean Soetji ingkang nomer satoenggal (De eerste dochter van de Kerk), ngroemaosi kawon kalijan Nederland. Mekaten oegi Kandjeng Paus Pius ingkang kaping XI inggih sampoen naté ngendika: „Jèn prekara missie actie, niroea ing Nederland."

Actienipoen sedèrèk Nederland dateng Pasamoean Soetji poenika warni-warni srananipoen, nanging ing ngriki namoeng koela kéras dados tigang pérangan, inggih poenika: 1⁰ srana dana: personeel; 2⁰ dana: baoe; 3⁰ dana: arta.

1⁰ Dana personeel.

Personeel ing ngriki kadjeng koela persoonneeling P. S., inggih poenika para: rama-rama Pastoor, Broeder, Zuster lss. Mekaten poenika sedèrèk sampoen priksa pijambak, sepinten awratipoen tijang ingkang pineksa tinilar anakipoen, ndanakaken anakipoen dateng P. S. Éwadéné para tijang sepoeh ing Nederland (ingkang anakipoen dados: Imam, Broeder, Zuster lss.) nglampahi mekaten poenika kanti éklas, mergi ngèngeti bilih mekaten poenika kagolong: nglabeti P. S., kagolong wadjib. Samanten oegi toemrap ingkang nglampahi dados geestelijken, sepinten awratipoen nilar sanak sedèrèk, tanah woetah rah, para sedèrèk priksa pijambak. Limrahipoen tijang poenika remen jèn padamelanipoen ketingal ingakatah, éwadéné para geestelijken, (oepami ingkang wonten ing klooster-klooster) kedah njamboet damel awrat ingkang ngedalaken woh katah, nanging boten kasoemerepan ingakatah. Ingkang mekaten poenika sedèrèk ing Nederland boten namoeng dasanan kémawon tjatjahipoen, nanging atoesan. Kanggé tanda boekti koela atoeri ngétang sepinten tjatjahipoen pastorie-pastorie oetawi klooster-klooster ing tn. Walandi oetawi ing Indija ngriki ingkang sedaja namoeng kebak sedèrèk Walandi. Makaten oegi missionaris Walandi inggih misoewoer katah. lan soemebar ing sadjagad. Missie ing poendi kémawon, Tjina, Djepang, Afrika, Indija lss. ratjak wonten missionarisipoen Walandi. Dados katah sanget saosanipoen (oeroenanipoen) tn. Walandi dateng P. S.

Boten namoeng para geestelijken oetawi para mara-tapa kémawon ingkang loemados ing P.S., dalasan para tijang limrah (leeken) inggih katah ingkang labet dateng pakarjaning P. S. Ing negari Walandi katah tijang limrah ingkang sengadja njamboet damel awrat rekaos sregep, boten mawang blandja oetawi kamélikan sanèsipoen, namoeng mboedjeng P. S. mbantoe pakarjaning P.S. Wontenipoen ada-ada pakempalan rasoel ingkang namoeng woedjoed tijang limrah (leeken), poenika inggih namoeng soeka pratanda adjenging katholieke actie ing Nederland.

Roemijin kala djaman ing ngriki teksih wanan toemraping agami Katholiek, tijang Walandi ingkang badé njamboet damel mriki, temtoe dipoentangisi ing sanak-sadèrèkipoen, dipoenkoewatosaken soekmanipoen. Nanging sapoenika kados poendi? Sapoenika katah para sedèrèk goeroe ingkang sami angsal acte (hoofdacte enz.) ingkang wewatekanipoen oetami, sami gadah nijat badé mriki, perloe mbantoe pakarjaning missie wonten ing ngriki. Sapoenika dèrèng katah ingkang sami mriki, mergi teksih kanggé pijambak wonten ing tn. Walandi.

2⁰ Dana baoe.

Ing ngriki sampoen boten soesah koela terangaken malih. Kados déné sedèrèk ing ngriki, inggih katah, menawi bakda padamelan sami mitoeloengi pakarjaning para Pastoor. Mekaten oegi sedèrèk ing ngrika baoenipoen oegi èntèngan kanggé mitoeloengi toemindaking agami (dédé sedèrèk leekenapostolaat of geestelijken). Wontenipoen sociale vereeniging ingkang nandangi katholieke actie poenika dadosipoen inggih saking tijang ingkang poeroen ndanakaken baoenipoen. Congregatie-congregatie toewin pakempalan-pakempalan ingkang dédé poelitik, ing ngrika langkoeng katah tinimbang ngriki.

3⁰ Dana arta.

Prakawis dana arta, ing Nederland presènanipoen nomer satoenggal. Inggih leres dana ingkang saking Amérika (oepami ingkang dateng Rome), poenika saged oegi langkoeng katah tinimbang saking Nederland, nanging katahing arta waoe sampoen saoeroep kalijan agenging tn. Amérika.

Para sadèrèk sampoen nginten bilih arta dana saking Nederland poenika saking sadèrèk Walandi ingkang soegih-soegih, poenika babar pisan boten. Arta waoe sapérangan ageng mandar saking tijang limrah-limrah kémawon oepami saking: tijang tani, tijang berah, para batoer-batoer èstri lss. Para sadèrèk temtoenipoen sampoen naté maos oetawi mireng tjarijosipoen, kadospoendi warni-warnining tjara-tjaranipoen sadèrèk Nederland anggènipoen badé dana. Ing ngrikoe ketingal jèn méginaken lan 'nggoemoenaken sanget, oepami: Srana nglempakaken franko, sadé boekoe, njamboet damel sambèn, ngentil-entilaken jatra saking sekedik lss. Ingkang nggoemoenaken malih poenika: déné anggènipoen dana waoe teka boten mawang dateng bangsa ingkang badé dipoendanani. Sadaja namoeng meleng waton toemandja dana. Kados déné oepami wonten satoenggaling missionaris ingkang lezing oetawi mertamoe ingkang wosipoen ngemis kanggé tetambelaning missie tjepenganipoen (inggih kanggé: Afrika oet.: Tjina, oet. malih Soematra, Florès, Djawi, Kaja-Kaja lss.) temtoe inggih ladjeng katah kémawon ingkang njagahi. Kanggé tn. Djawi ngriki pinten èwoe oetawi njengkanipoen pinten mlijoen kémawon arta Wlandi ingkang mriki, oepami ingkang kanggé Grédja-Grédja, sekolahan-sekolahan; hospitaal-hospitaal lss. Mandar Sendang Sana Kalibawang ingkang mentas dados pangaleman, poenika inggih saking sokonganipoen sadèrèk Nederland.

Para sedèrèk koela atoeri ngèngeti bilih sadjatosipoen ing Nederland pijambak inggih betah arta. Nederland poenika wonten kabiskopanipoen gangsal, lan saben kabiskopan wonten semenarienipoen. Damel semenarie poenika ragad poen boten sekedik, samanten oegi arta ingkang kawedalaken ing saben dintenipoen inggih dédé baèn-baèn. Boekoe-boekoe ingkang kanggé handleiding, toewin tedanipoen laré-laré poenika inggih mawi ngedalaken arta katah. Samanten oegi goeroe-goeroe ing ngrikoe, ingkang kedah gadah acte njekapi poenika inggih boten namoeng dahar „angin" kémawon.

Sadaja waoe saking poendi ragadipoen? Boten saking dana poendi-poendi, nanging saking Nederland pijambak.

Mila jèn ngèngeti sadaja poenika kita ladjeng saged ngertos, bilih sadèrèk Nederland poenika kekijatanipoen dateng dana, anglangkoengi.

* * *

Lelabetan Nederland ingkang ageng samanten poenika oegi boten itjal toemraping tn. Nederland, awit barkah dalem Goesti Allah inggih tansah ketingal loemintoe penoeh dateng sedèrèk ing ngrika.

Tjatjahing sedèrèk katholiek ing Nederland poenika kirang langkoeng namoeng 36⁰/₀, éwadéné invloedipoen dateng partij sanès sampoen anglangkoengi. Pengaroehipoen dateng pepréntahan inggih ageng; swantenipoen sedèrèk katholiek wonten ing kamer-kamer sami dipoenéringi ing golongan sanès. Kadosdéné pandjenenganipoen Mgr. Nolens, sinten ingkang boten badé éring kalijan pandjenenganipoen? Kamer poendi kémawon ingkang boten badé kèndel mak klakep, samangsa pandjenenganipoen saweg ngendika? Tjekak aos partij Katholiek wonten ing ngrika sampoen ageng prebawanipoen. Poenika sadaja mratjihnani bilih sedèrèk ing ngrika kaajoman ing barkah Dalem.

Roemijin sedèrèk katholiek boten kénging tjepeng damel kanggé negari, nanging sapoenika kados poendi? Prijantoen ageng-ageng toewin prijantoen sanès-sanèsipoen katah ingkang katholiek. Poenika temtoe inggih kémawon saking loentoering barkah Dalem.

Pandjenengan dalem Kardinaal v. Rossum ingkang sapoenika dados directeuring missie ing sadjagad, poenika prijagoeng Wlandi, ingkang waoenipoen namoeng laré lola kémawon. Departemèning Vaticaan pendetan saking Nederland (Kardinaal v. Rossum) poenika inggih soeka tanda-pratjihna, bilih Nederland wonten poeloenging barkah dalem. Mekaten sapitoeroetipoen. Dados actie ing Nederland poenika wonten gandjaranipoen donja-akérat. Mila sedèrèk ngriki ingkang sadjatosipoen kekijatanipoen sami kémawon kalijan sedèrèk ing ngrika, koela atoeri niroe. Sampoen samanten kémawon.

*KETJIL.*

# KASOESASTRAN.

## KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH.

*(basa Djawi).*

Ing ngadjeng sampoen koela terangaken, manawi bangsa Djawi tjarakanipoen mendet saking tjarakan Sansekrita. Kadjawi poenika tijang Djawi oegi mendet kasoesastran Hindoe lan prakawis sanès-sanèsipoen.

Tijang Hindoe dateng tanah Djawi poenika perloenipoen poenapa? Bokmanawi sakawit namoeng perloe dedagangan, tandanipoen tanah Djawi dipoenseboet: Soewarnadwipa (tanah pangajoman emas). Saweg poenapa? Poenika boten terang. Nanging nitik seseratan ing séla, pangoewaos Hindoe katingalipoen kirang langkoeng ing abad 7 çaka, langkoeng-langkoeng ing Djawi tengah, menggah tandanipoen inggih seratan ing séla waoe, djalaran sadèrèngipoen poenika dèrèng wonten seseratan. Wondéné seratan ingkang sepoeh pijambak inggih poenika seratan Sandjaja (Kedoe sisih kidoel) katitimangsan taoen 654 çaka.

Kadjawi seratan ing séla, tandanipoen manawi pangoewaos Hindoe katawis inggih poenika margi tjatjahing temboeng Sansekrita kalebet katah, wewah-wewah djamanipoen Èrlangga (kirang langkoeng taoen 950 çaka).

Temboeng Sansekrita poenika loemebetipoen ing basa Djawi radi anèh, inggih poenika ing sakawit kados ing sapamirengipoen kémawon, dados manoet kedaling lidah Djawi. Ing saladjengipoen basa Sansekrita ladjeng dipoensinaoe saèstoe, mila panjeratipoen temboeng inggih leres kados ing basa Sansekrita saèstoe. Woesana noenten lepat malih, won-

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

### SALATIGA 10 JUNI 1930. K. W. SALATIGA.

Kala tanggal kaping 9 Juni 1930 K.W. Salatiga ngwontenaken parepatan warga wonten ing H I.S. partikelir Salatiga. Parepatan kabikak djam $8\frac{1}{2}$ mawi ngloehoeraken Asmaning Pangéran. Warga pangrèh 1 boten rawoeh, margi gerah. Ingkang ndjenengi pakempalan wonten sadèrèk 10. Pangarsa ngatoeraken soegeng rawoeh toewin atoer panoewoen kados samestinipoen. Tamoe 1 (sadèrèk bawah Bringin) kaatoeran dados warga, semados badé rembagan kalijan K. W. Ambarawa roemijin. Ladjeng njandak ngrembag.

1) Notulen kala 15 Mei 1930 kapanggih absah.

2) *a.* Sadèrèk ingkang dèrèng ngebon, sagah toemoenten moendoet Sw. Tm. *b.* Angsal-angsalipoen pangarsa saking papanggihan kalijan pangrèh Sasana Langen Soeka, ngedegaken comité Likasan. Warga pangrèh K.W. wonten ingkang toemoet lenggah ing comité.

3) Statuten + Huish. Regl. kepanggih absah, ning mawi kaéwahan sekedik.

4) Kontribisi sampoen katetepaken adamel mareming manah.

5) Pangrèh K. W. sampoen sesarengan kalijan Onderwijs - Commissie B.O., moetoes badé ngedegaken Nederlandsch Verbond. Bab poenika pakempalan ngoepakat.

6) Sadèrèk P. Soemardi nerangaken, bilih Pangroekti Laja poenika kedah wonten toemraping sadèrèk katoelik Djawi Salatiga. Para ingkang mirengaken sami marem. Wasana P. L. lair. Ingkang kapilih dados pangrèh:

sad. P. Soemardi — pangarsa
„ D. Talip — panitra hartaka.
„ R. Th. Sardjono, „ L. Djamin, „ J. B Soepardi — comm.

Pangarsa P.L. ladjeng njaosi antjer-antjer minangka Huish. Regl. soepados para warga sageda manah wonten ing dalem.

7) Pitakénan. Wonten pitakénan ing bab oemoem sawatawis, ingkang teroes kadjawab ing pangrèh, dados maremipoen ingkang moendoet priksa.

Wasana djam 1 langkoeng 10 menit pakempalan katoetoep mawi tjara katoelik.

J. S. HENDRAWARSITA.

### LEDENVERGADERING K.W. AFD. BLITAR.

Sinareng dinten ageng tedakipoen Sang Hjang Paraklétoes tg. 8 Juni '30. K.W. afd. Bl. ngawontenaken ledenvergadering manggèn ing Internaat Pastoeran. Ingkang rawoeh G. A., bestuur pepak, leden oegi, tamoe 7 ingkang ladjeng mlebet dados lid 5. Vergadering kabikak kados adat, djam 10.

Agenda: I. Pamboeka. II. Maos notulen ladjeng kaabsahaken. III. Damel lijst lan tanda tanganipoen para Katoelik Bl. ingkang gandèng kalijan Pangageng njoewoen Pastoer malih kanggé bangsa Djawi, awit Bl. Pastoer namoeng satoenggal, dados boten njekapi. Woesana teroes angsal paring wangsoelan, bilih woelan Juni '30 poenika ing Blitar badé tambah Pastoeripoen malih, ingkang rawoeh Padoeka Rama H. v. Megen saking Madijoen. Déné bab tanda tanganipoen para R. K. Bl. kapasrahaken satoenggiling Rama ingkang kadjibah ngrawoehi panggénan-panggénan resot Bl. lan kapasrahaken para goeroe R.K. koekoeban ngrikoe. IV. Schoolkrant, kersanipoen P. Rama ngedegaken schoolkrant kabantoe para goeroe - goeroe Landi lan Djawi. Isi ingkang matoek kanggé moerid - moerid; temboengipoen oegi boten kangélan. Basanipoen Landi, Mladjeng, Djawi, kaangkah Juli '30 wiwit. (Bravo! *Red.*) V. Maos serat² saking P.K.W. pangadjak damel commissie tata tjara Katoelik, ingkang kapasrahan damel: 1 Heer Bratasoedirdja, 2 Heer Tjakrasiswaja, 3 Heer Hardjasoedalsa, 4 Heer Wirjaatmadja, 5 Heer Sindoeprawata. VI. Pangadjak nglempakaken darma kanggé Likasan — redi Télamaja. VII K. W. kadadosaken satoenggal kalijan P.P.K.D. (K.W itjal P. P. K. D. teroes) rembag ramé sanget ngantos $\frac{1}{2}$ djam pijambak. Alasan itjal: *a.* Tanpa woh, *b.* ngirit contributie lan lampah lan sabab - sabab sanèsipoen ingkang boten saged kawedaraken openbaar, ladjeng dipoenpabeni sadèrèk katah ngantos dedreg, noenten kasetèm, woesana ingkang angsal stem katah: „K.W. teroes wonten." Agenda VIII. Spaarclub lan IX Pangroekti laja boten saged karembag awit wekdalipoen sampoen telas, lan Pitakénan boten wonten. Katoetoep djam 1 kanti wiloedjeng.

VERSLAGGEVER.

### K. W. SPOEDLEDENVERGADERING AFD. BLITAR.

*Tg. 15-6-'30 djam 8,30 t/m djam 9,10 éndjing.*

Vergadering kabikak secretaris, kados adat. Ingkang rawoeh Rama G A. lan Rama malih 1, bestuur lan leden 17, tamoe 3.

Agenda:

I. Ngresikaken ingkang dados lid K. W. kanggé wekdal poenika. Ingkang soewaoe leden lan bestuur kantoen 9, medal 4, dados kantoen 5, ladjeng tambah 8, dados 13.

II. Rèhning Voorzitter lèngsèr saking dampar kavoorzitteran, samanten oegi satoenggiling Commissaris medal, sanèsipoen toemoet lèrèh. Dawahing oendi ingkang kapilih:

R. Soenardja Rahadi: voorzitter.
A. S. Martasoedarma: secretaris.
S. I. Harjana: penningmeester.
R. A. S. Poedjasoesanta, Mejuffr. G. Moertinem: commissaris.

Pandjenenganipoen P. Rama G. A. oegi lèrèh Ing soewaoe P. Rama A. Bastiansen kagantos P. Rama H. v. Megen.

III. Oesoel-oesoel lan pitakénan.

Bestuur oesoel soepados ing Blitar kawontenaken Schakelklas, dipoentampi ing vergadering, lan G. A. énggal lan dongkol mrajogèkaken, ladjeng badé ngatoeri oesoel dateng Bestuur Joh. Gabriël Stichting ing Soerabaja.

VI. Katoetoep ing Voorzitter énggal kanti wiloedjeng.

VERSLAGGAVER BL.

### PAREPATAN PANGROEKTI - LAJA SEMARANG 15 - 6 - '30.

Manggèn ing K J.B. Bangkong: karawoehan sadèrèk 16. Wiwit djam 7,15—8,45, isinipoen:

1. Pamboeka.
2. Natulen.
3. Pakabaran saking bestuur: Lidipoen dados 30.— Jatra kalong f 20 kanggé sripah ing Roewidadarman — sapoenika kantoen f 82,65 katitipaken ing bank.
4. Pilihan pangrèh énggal, ingkang kapilih: a. R. M. Sasraningrat pangarsa b. Soeparna moeda pangarsa. c. Soepadi secretaris. d. Djaswadi penningmeester. e. Adisoewignja commissaris.
5. Oesoel-oesoel ingkang katampi: a. Jèn wonten sadèrèk kesripahan, bestuur énggal njebara oelem. b. Sadèrèk ingkang moendoet aandeel P. L. soepados angsala bewijs van aandeel. c. Prekawis lajat kantja èstri kaperlokna sanget rawoehipoen, preloe njamboet damel: ngrontjé sekar, njoewèki lawon enz. d. Prekawis kerkop, bestuur énggal karsaa ngambali panjoewoenanipoen roemijin.
6. Panoetoep. Kanti wiloedjeng.

Versl. KETJIL.

# POESPITA MANTJA WARNA.

## B A B A G A N  M I S S I E.

## MADAGASKAR.

### II.

B. 1) **Babading Missie.** Ing taoen 1500 soerja 10 Agoestoes Diego Dias laboeh wonten ing poelo St. Laurens. Makaten anggènipoen anamani Diego Dias poelo Madagaskar nalika djaman samanten; dangoe St. Laurens boten karawoehan ing oetoesan Dalem para missionaris wiwit ing abad kanembelas ngantos doemoegi ing toemapaking abad kaping pitoelas. Ing kawoesananipoen taoen 1613 wonten rama kekalih, warganing Pakempalan Sri Jésoes sami andon lelajaran anoedjoe Madagaskar, perloe badé tjakal bakal miwiti missie wonten ing rikoe. Éman déné ing taoen 1618 sareng bangsa Portoegis mèh sampoen boten anggadahi pangoewaos poenapa-poenapa wonten ing Madagaskar, rama kekalih sami kapeksa nilar koekoebaning missienipoen. Toedjoenipoen ing taoen 1648 para poetranipoen S. Vinsènsijoes a Paolo inggih poenika rama Lazaristen sami angajati ambikak missie wonten ing Dauphinfort ing Madagaskar. Ngantos 25 taoen para poetraning S. Vinsènsijoes a Paolo goenggoeng kempal wonten 27 sami amesoe salira makarja wonten ing djadjahanipoen. Rèhning kapenggalih adjenging missie boten sapintena, kapara mèh boten wonten (nalika samanten namoeng wonten tijangipoen 3 oetawi 4 ingkang sami poeroen kabaptis), poenapa malih margi wonten pakèwed sanèsipoen langkoeng - langkoeng ingkang magepokan kalijan radja niti, missie katilar malih ing taoen 1674. Ing salebeting 25 taoen poenika poetraning S. Vinsènsijoes a Paolo ingkang anemahi séda wonten ing rikoe, langkoeng saking kalih para tiganipoen tjatjah sirah. Wiwit 1674 doemoegi 1830 poelo Madagaskar kaontjatan Imam babarpisan. Kinten - kinten ing taoen 1845 poetranipoen Santo Ignasijoes wangsoel badé anjobi mbikak missie malih; imam sawatawis sami réwa-réwa tijang dedagangan lan dokter andjadjah doesoen² ing sisih tengah; éwasamanten inggih tan wonten kedadosanipoen, malah saoepami boten énggala ngoengsi késah saking ngrikoe tartamtoe saged kasédanan.

Ing taoen 1861 sareng ingkang dados ratoe ing Madagaskar Sang Praboe Radama saged sagilig rembag kalijan pradja Parangakik, Missie saged bribik - bribik toemindak sawatawis. Sang nata Radama nimbali para missionaris soepados sami wangsoela malih dateng koekoebanipoen. Doemoegi taoen 1896 ingkang makarja wonten ing Madagaskar namoeng para warganing Pakempalan Sri Jésoes. Let sakedap para poetraning S. Vinsensijoes a Paolo inggih sami wangsoel, let kalih taoen malih rama warganing Pakempalan Sang Hjang Roh Soetji (Paters van den H. Geest) sami rawoeh, sataoen malih rama warganing Pakempalan de la Salette (Paters de la Salette), poetraning S. Norbèrtoes (de Norbertijnen) poenapa déné rama warganing pakempalan Trinidji Soetji (de Trinitariërs) oegi sami rawoeh, perloe makarja wonten ing rikoe.

2) **Kadadosaning Missie.** Ing salebeting 60 taoen kawontenaning Missie ing Madagaskar, sanadjan katempoeh ing reribed pakèwed mawarni - warni, langkoeng - langkoeng ingkang magepokan radja niti, meksa kénging kawastanan soeboer saé. Koekoeban - Missie ing samangké kapérang dados vicariaat 6:

1) *Vicariaat Diego Suarez* 2) *Vicariaat Majunga* ingkang sami makarja rama warganing Pakempalan Sang Hjang Roh Soetji; tjatjah djiwa sadaja 550,000; déné ingkang sampoen ngrasoek agami Katoelik wonten 32,000.

3) *Vicariaat Tananarive* — djadjahanipoen rama warganing Pakempalan Sri Jésoes, sampoen wiwit ing taoen 1848; tjatjah djiwa wonten 1.000.000 (sajoeta). Menggah ingkang Katoelik 125.000.

4) *Vicariaat Fianarantosa* — koekoebanipoen rama warganing Pakempalan Sri Jésoes wiwit ing taoen 1913. djiwanipoen 750,000 ingkang Katoelik wonten 140.000.

5) *Vicariaat Antsirabé.* — djadjahanipoen rama warganing Pakempalan de la Salette wiwit ing taoen 1918; djiwa wonten 750.000, ingkang Katoelik 52,000.

6) *Vicariaat Dauphin-fort.* — koekoebanipoen rama Lazaristen wiwit ing taoen 1896; tjatjah djiwa 810,000, ingkang Katoelik 20.000.

*DJALARAN.*

---

ten ingkang dipoentjekak oetawi dipoenwewah-wewahi ngantos dados ingkang taksih pinanggih ing djaman sapoenika.

Sanadjan kalebetan basa Sansekrita, basa Djawi inggih taksih madeg.

Basa Djawi kina poenika sampoen katah sanget bédanipoen kalijan basa Djawi sapoenika. Temtoenipoen basa Djawi kina poenika warni kalih, inggih poenika ingkang kanggé pawitjantenan kalijan ingkang kaserat. Ingkang kanggé pawitjantenan poenika boten terang, bokmanawi kados basa Bali oetawi Tengger ing sapoenika. Wondéné basa ingkang kanggé ing seratan, poenika margi saking pangoedinipoen para winasis dèrèng itjal.

Temboeng - temboeng Djawi toelèn ing sapoenika katah ingkang teroesanipoen temboeng - temboeng Djawi kina, nanging katah ingkang éwah, para maos koela atoeri notjogaken. 1 Djawi kina sanget, 2 Djawi kina, 3 Djawi tengahan, 4 Djawi, moeda (ing sapoenika).

1 woeang = 2 wwang = 3 wong = 4 wong.
1 loeah = 2 lwah = 3 loh = 4 loh (ing: loh djinawi).
1 woeai = 2 wwai = 3 wé = 4 wé (ing: wédang).
1 kapoea = 2 kapwa = 3 kapo = 4 kapo (ing: kaponakan).
1 roea = 2 rwa = 3 roro = 4 loro.
1 manoeam = 2 manwam = 3 anom = 4 anom.
1 boeat = 2 bwat = 3 bot = 4 bot.
1 manemoeakan = 2 manemwakan = 3 anemoken = 4 nemokaké.
1 loeir = 2 lwir = 3, 4 lir.

Toelada ing nginggil poenika manawi temboeng - temboeng ingkang wonten ing séla dipoenkatoetaken. Manawi namoeng mendet boekoe-boekoe, sagedipoen namoeng nanding Djawi kina (Djawi tengahan) kalijan Djawi moeda (ing sapoenika).

Ing Djawi kina poenika dèrèng wonten *basa* krama kados ing djaman sapoenika, manawi *temboeng* krama: inggih wonten.

Wonten temboeng-temboeng ingkang sapoenika kanggé basa ngoko pijambak, krama pijambak, ing Djawi kina ngoko krama sami kerep kanggénipoen, linta lintoe, kadosta: teka, dateng — wedi, adjrih (djrih) — ana (hana), wonten (wwanten) — ora (tan wwara), boten (tan wwanten) — toelis, serat (soerat) — arep (harep), adjeng — lara, sakit — pati, pedjah — oelih, antoek — wis (hoewoes), sampoen (sampoen) karo (karwa), kalih (kalih) — katon, katingal) (tinghal) lsp.

Nitik toelada poenika, Djawi sapoenika kalijan Djawi kina wonten ingkang sami, wonten ingkang éwah kadosta: Djawi sapoenika *ana*, Djawi kina *hana:* Djawi sapoenika *wonten*, Djawi kina *wwanten* lsp.

# ONDERWIJS.

### KAWONTENAN INGKANG NJATA! OPENBAAR ONDERWIJS — BIJZONDER ONDERWIJS!!

Para maos!!

De Koerier tg. 29 Mei poenika ngewrat Verslag eindexamen Mulo ing Soerabaja, ingkang perloe koela tjoengoelaken ing riki; minangka oelar-oelaring pangrembag, bab ingkang kasboet nginggil.

Tjobi koela atoeri namataken angka-angka poenika!!

***

Mulo Goepermèn. Candidaat 206 — geslaagd 156 dados $\pm$ 75,7%.
Mulo Praban (Goep.) Candidaat 45 — geslaagd 37 dados $\pm$ 82,7%.
Mulo Ketabang (Goep.) Candidaat 79 — geslaagd 56 dados $\pm$ 70,8%.
Mulo *Katholiek* Candidaat 18 — geslaagd 17 dados $\pm$ 94, 4%.
Mulo Protestant Candidaat 58 — geslaagd 49 dados 79, 3%.

***

Dados nitik angka-angka kasboet nginggil, kita saged ngertos bilih „*Mulo Katholiek*" djempol pijambak! Ing saladjengipoen ngertos bilih „*bijzonder Onderwijs*" langkoeng saé tinimbang „**Openbaar Onderwijs**" — Kawontenan ingkang njata.

***

Para sadèrèk!!

Pandjenengan temtoe boten kekilapan, sapinten koentjaraning „**bijzonder Onderwijs**" ingkang kaasta déning para „Zusters." Sampoen pinten - pinten tahoen boekti waoe tjeta wéla-wéla toewin dipoenakeni ing para gegémbonging èlmoe panggoela wentah!!

Boten ngemoengaken kadang Kath. kémawon ingkang soemrintil njekolahaken poetranipoen, wonten ing pamoelangan kagoenganipoen Zusters; dalasan tijang ndjawi rangkah oegi boten kirang² ;malah kepara mangsoel-mangsoelaken!! Margi poenapa?

Boten sanès inggih margi saking kadjwaraning katlatosan, kasabaran toewin kapinteraning para Zusters ing atasing nggoela wentah laré; langkoeng - langkoeng laré alit!!

Pamoelangan - pamoelangan ingkang kaasta ing para Zusters ing tn. Indonesia, pandjenengan priksa pijambak sapinten inggiling karaatipoen! Badé njatakaken mangga koela atoeri mriksani „Bandoeng-Weltevreden-Soerabaja - Semarang - Ambarawa - Mendoet - Solo lsp."

Tjekak sekolahan - sekolahan ingkang kaasta para Zusters „*maremaken manah*" Boten ngemoengaken ingkang kaasta ing para Zusters kémawon ingkang saé, makaten oegi ingkang kaasta déning para Broeder, Pastoer, Dominee-Dominee; makaten oegi ingkang kaasta ing bangsa Indonesia pijambak, oepaminipoen „*Taman Siswa.*" Boekti boten kirang, ngembrah !!!!

Mulo Katholiek Djocja mentas poenika „bos" (klebet sadaja.) Kalih tahoen kapengker „bos." Mulo „Taman Siswa" katah ingkang klebet dateng „A. M. S." lan wonten ing A. M. S. inggih boten ngoetjiwani! Neutrale School Solo saja dangoe saja koentjara; djalaran inggih kerep „bos" makaten oegi moerid-moeridipoen katah ingkang klebet H. B. S. lan Mulo!!

Pandjenengan sadaja priksa oegi bilih ing tn. Europa, oepami ing Negari Welandi, Frankrijk, pamoelangan particulier sanget dipoenadjengi déning „*publiek.*"

Sapoenika kados poendi kanggénipoen tn. Indonesia??

Koela pasrahaken dateng pandjenengan sadaja!!

***


VAN LITH - STICHTING.

Poenapa pandjenengan sampoen ngisèni „serat kasagahan" dados contribuant Van - Lith - Stichting.
?

**Pangrèh V. L. S.**
Bijz. H. I. S.
MAGELANG.


Kados déné ingkang toemindak samangké, Mulo bijzonder saged ngatingalaken koentjaranipoen, saged oenggoel ing djoerit lan Mulo Goepermèn djalaran „Mulo" mawi „Staatsexamen" Dados panimbanging kasagedan, adil sajektos, boten goemantoeng dateng „*Inspecteerende Ambtenaren*"!

Nanging sapoenika kanggénipoen H. I. S.; angka kalih (Standaardscholen) pamoelangan doesoen, kados poendi?? Poenapa seged toemindak makaten? Babar pisan boten makaten!

Djalaran pamoelangan-pamoelangan kasboet nginggil waoe boten mawi „Staatsexamen." Dados kawontenan bab panimbanging kasagedan oetawi kawontenaning pamoelangan-pamoelangan waoe, temtoe kirang toemindak ing saadil-adilipoen, jèn katanding kalijan manawi dipoenwonteni „*Staatsexamen*" Dados bab waoe sapérangan ageng kénging koela wastani goemantoeng dateng „*Inspecteerende Ambtenaren!*" goemantoeng dateng para „*Schoolopzieners, Inspecteurs*"

***

Manoet glendeng ingkang sampoen koela pireng, saking sawatawis golongan ing sawatawis panggènan, katah ingkang roemaos boten patos marem dateng bidji-bidji ing inspectie rapport!! Wonten sawatawis pamoelangan, ingkang goeroe-goegoeroenipoen boten ngoetjiwani, anggènipoen njamboet damel inggih kanti ngemen - emenaken sajektos, doemoegining ngendon inspectie inggih namoeng „sedang — tjoekoep — sedang — tjoekoep." Minangka kanggé pangarem-arem ing sapamoelangan wonten bidjinipoen woloe „satoenggal, kalih oetawi tiga." Sadjak boten wani mbidji ing saadil - adilipoen, manoet poenapa wontenipoen ngrikoe!

Poen vulpen kok sadjak ragi mandeg mangoe; poenapa inggih ingkang dados sebabipoen??? Poenapa adjrih jèn dipoenpaiben déning „panginggilan" wong pamoelangan particulier kok „*bregas?*"

Kados mbok manawi sampoen limrah inspectie mriksa pamoelangan H. I. S. particulier, sanadjan pinanggihing pepriksan saé kados poenapa kémawon, mangké boten lija ing inspectierapport inggih namoeng tjinirènan „*kan gelijkgesteld worden met de openbare* H. I. S." nanging boten wani „*meer dan de openbare H. I. S.*" sanadjan kawontenanipoen njata makaten pisan; nanging kosokwangsoelipoen; manawi awon . . . saja dipoenoeplek - oeplek sajektos!!

Koela kepéngin soemerep, béndjing poenapa wonten „**inspectie**" ing pamoelangan-pamoelangan, kados atoer koela kaseboet nginggil wani maringi katrangan ing inspectie rapport mawi tanda „*piwoelangé pamoelangan iki . . . ngoengkoeli pamoelangan Goepermèn.*"

Poenapa perloe mawi „*staatsexamen?*" Soepados saged adil sajektos!!! Makaten . . . prajogi!! Kanggé kita malah bingah!!

Doemoegi samanten roemijin!!!!!!!!

C. C. Solo. *Hercules.*

## WAWASAN BOEKOE.

Nembé poenika red. tampi boekoe waosan saking Boekh. J.B. Wolters Weltevreden: „UIT ONZE OMGEVING", vijfde deeltje, teroesan serie, ingkang sampoen naté kawawas ing Sw. Tm. No. 8 taoen 1929 toewin ing Sw. Tm. No. 20 taoen 1929. Prakawis kandeling aksara, tjetaning pangetjap saha saéning gambar - gambar sami kalijan djilidan ingkang sampoen-sampoen, malah kapara langkoeng kaperdi malih, amrih nenarik toewin njenengaken manahipoen moerid-moerid. Boekoe - boekoe ing serie poenika kanggé waosan ing sekolahan andap (alit) klas tengahan ing pamoelangan Nagari Wlandi, katjeta saking mèh sadaja woelangan (lessen) kagatoekaken kalijan kawontenan ing Éropah. Makaten oegi vijfde deeltje poenika. Woelangan sapisan njarijosaken Decemberan, mijos Dalem Sang Kristoes; ladjeng kasenengan saldjoe (sneeuwvermaak), schaatsen lss. Ing poengkasaning boekoe kinten - kinten gangsal nomer ingkang poengkasan njarijosaken katjilakan margi saking boboling galengan (dijkdoorbraak). Makaten poenika njata kawontenan nagari Wlandi toelèn. Laré - laré ing ngriki angèl sanget anggènipoen badé njipta, bilih tanah (siti) ingkang dipoenenggèni tijang, langkoeng andap katimbang dasaring lèpèn oetawi saganten.

Serie waoe sadjilid - djilidipoen regi f 0, 75; vijfde deeltje inggih samanten; saged toembas ing Firma J.B. Wolters, Groningen, den Haag toewin Gang Scott 5 ing Weltevreden.

VAN TOEN WIJ VRIJ WERDEN
door Aug. C. J. Commissaris.
Eerste deel. Derde druk.

Boekoe - boekoe babaran firma J. B. Wolters sampoen misoewoer jèn sembada saha boten ngoetjiwani ing sadajanipoen. „Van toen wij vrij werden" poenika ngemot babadipoen tijang Katholiek ing nagari Wlandi salebetipoen satengah abad, wiwit 1795—1853. Tradjangipoen para Katholiek, ingkang prasasat dipoenrèmèhaken ing péhak sanès, sarta dèrèng katingal kados sapoenika, kadjèrèng kanti samestinipoen. Ing ngrikoe sinten kémawon mangertos, sapinten lelabetanipoen para pangandjoer Katholiek sagedipoen nggajoeh wewenangipoen. Boekoe poenika boten soesah katawèkaken; pangetjapan ingkang kaping tiga sampoen soeka boekti, bilih boekoe poenika dipoenadjengi sanget, margi saking loewesing basa, gampil sanget wewaosanipoen saha toeroet roentoet pranataning bab - bab. Ing pangetjapan ingkang kaping tiga poenika salong dipoenwewahi gambar - gambar sawatawis. Boekoe poenika migoenani sanget dateng para goeroe, langkoeng - langkoeng ingkang moelang babad nagari Wlandi; mila prajogi sanget jèn sami moendoet, ladjeng kasinaoe. Saged toembas ing firma J.B. Wolters ing Groningen, den Haag toewin Gang Scott 5 Weltevreden. Regi ing. f 1,90 geb. f 2,25 . . . . .

### CORRESPONDENTIE.

sdr. Abn. no. 272. Ingkang angka 1 boten saged kapatjak, Red. kirang tjotjog. Déné angka 2 dèrèng, margi kirang papan. Jèn boten kewajon badé kapatjak. Sdr. S. K. P. Namrikoes. Boten saged kapatjak. Damel sanèsipoen ingkang kempling. Sdr C. C. Sl. Moelat. Dèrèng kapatjak. Kirang papan. Sdr. Fr. J. Djoem. Kirang papan. Jèn boten wajoe. badé kapatjak. Sdr. P. Tlatèn. Boten saged matjak. Sdr. Kaki Toewa. Ngentosi. Sdr. Ki Ageng Boetoeh. Ngentosi. Sdr. P. T. T. Ngentosi. Sdr. Panggagas. Boten saged kapatjak. Wonten ingkang Red. kirang tjotjog. Sdr. Soemar Beran-kidoel. Ngentosi. Sdr .Ki Sandioepama. Ngentosi. Sdr. R. I. Mariatma. Ngentosi. Radi kepandjangen. Sdr. Séla Tjendani. Ngentosi. sdr. Tjobolo. Ngentosi. Radi kepandjangen.

# OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS).

## KABAR KATHOLIEK.

**Kabar Medari.**

Dinten Minggoe 15 Juni poenika kiraka Mas Hardjakandam propagandis v. Lith-Stichting rawoeh wonten Medari, tinampi para sadèrèk Katholiek sawatawis, manggèn wonten Standaardschool Medari.

Sasampoenipoen propagandist waoe nindakaken pakarjanipoen ingkang loehoer kanti tjeta lan maremaken mawi kabantoe sadèrèk Medari kekalih Heer Martodeksono lan heer Kresnaamidjojo, ladjeng maringaken panantoen ingkang karsa nglebeti. Sadaja ingkang mirengaken toer dèrèng dados warga ladjeng sami mlebet warga. Doemoegi titi mangsa poenika, ing groep Medari sampoen wonten lid v. Lith-Stichting 23. Loemajan.

**Ngatoeri priksa.**

**Béndjing Ngahad tanggal kaping 13 woelan Juli 1930 ngadjeng poenika, ing Kalibawang badé kawontenaken processie, saking Grédja alit ing Plasa dateng goewa Lourdes-tiron ing sendang Sana. Ngiras soedjarah dateng ing goewa waoe.**

**Wiwiting processie ± djam 9 éndjing.**

**Rampoengipoen ± djam 11¼. Ingkang poenika andadosna kawoeningan. Kadjawi saking poenika, temtoe andadosaken gambiraning manahipoen para gotrah Katholiek ing Kalibawang, menawi katah para prijantoen ingkang sami kersa ngrodjongi sadèrèk Katholiek Kalibawang anggènipoen anggrebeg Sang Maha Praboe Kristoes, inggih poenika andèrèk processie.**

**Toemrap tijang ingkang dèrèng pitados inggih saged ketarik manahipoen, menawi njipati roekoenipoen bangsa Katholiek, boten mawi mawang dradjad saha pangkat, bangsa toewin golongan.**

**Koela Pastoor J. Prennthaler.**

## — DAREDAHIPOEN VATICAN KALIJAN INGGRIS. —

## PRAKAWIS MALTA.

**(Petikan tilegram - tilegram Aneta).**

*Witboek 100 katja.*

Dinten Rebo tanggal 4 Juni, Parlement ing Baritanijah nampi Witboek kandelipoen mèh 100 katja, isi lalajananipoen serat Vaticaan kalijan pradja Baritanijah salebetipoen 15 woelan angerembag pasoelajan politiek kalijan ngoelama ing Malta (poelo alit sakidoel poelo Sicilië, ing Itali.) Wonten ing serat dateng Kg. S. Rama tanggal 1 Maart '29 oetoesan Inggris ing Vaticaan, toewan Henry Chilton, anedahaken boten narimahipoen titijang katah kabekta saking papantjasan ingkang doemawah dateng Pater Micallef, kawoela Inggris soepados nilar tanah djadjahan Inggris, atas terang saking dawoehipoen Pater Carta, tijang mantja.

Nota waoe njarijosaken para ngoelama bangsa Malta sanget anggènipoen toemoet anggebjoer dateng politiek ing ngrikoe, ingkang makaten waoe andjalari roeweting kadadosan samangké. Paréntah Inggris, ladjeng neda soepados Roem ngintoenaken oetoesan perloe nindakaken paniti priksa.

*Papriksan*

Roem ladjeng oetoesan Kg. Maha Biskop ing Tyana, Mgr Robinson. Oetoesan waoe medaraken pamanggih: pasoelajanipoen paréntah kalijan para prijantoening Pasamoewan Soetji poenika kedah dipoensapih sarana ngawontenaken pradjandjian. (definitief concordaat).

Tanggal 2 Juli, Kg. Kardinaal Gasparri kintoen serat dateng oetoesan Inggris Henry Chilton njarijosaken bilih toemrap Kg. S. Rama, premier Lord Strickland poenika dédé tijang ingkang pantes dipoenaosi. Serat waoe dipoenkantèni tedakan serat dateng Maha Biskop ing Malta lan Biskop ing Gozo, poenapadéné pèngetan patoeran kelah-kelah dateng toentoenanipoen Lord Strickland.

*Katerangan saking Chilton.*

Tanggal 8 Agoestoes, Chilton soeka serat dateng Kg. Kardinaal Gasparri, boten narimahaken déné 1e. Vaticaan amedot rembag badé ngawontenaken concordaat, tanpa mawi prasaben langkoeng roemijin: 2e. Vaticaan anetepaken boten saé dateng pamengkoenipoen paparéntahan Inggris woten ing tanah djadjahan Inggris.: 3e. Vaticaan andawoehaken dateng Biskop-biskop ing Malta nglawan paréntahan Malta.: 4e. Paréntah Malta toewin Kabinet Malta kadakwa atindak sawenang-wenang, ngoeja-oeja Agami.

*Pilihan parté politiek.*

Kaseboet ing serat tanggal 12 Febr. taoen poenika, paprèntahan ing Malta ngalembana tindakipoen paréntah Inggris anggènipoen badé damel concordaat kalijan Vaticaan. Ngèngeti ingkang makaten poenika, Lord Strickland kalijan Minister Malta, sami ngawisi golonganipoen ing salebeting wekdal ngadjengaken pilihan sami boten angsal nandoekaken tandoek oet. patrap ingkang njerikaken (provoceerende uitlatingen). Nanging Vaticaan boten poeroen (kaadjak roekoen), malah andawoehaken para ngoelama ing Malta: ing salebeting pilihan boten kènging tjawé-tjawé angombjongi politiek ing ngrikoe. Kadjawi poenika katerangkan oegi bilih salebetipoen Lord Strickland taksih njepeng pangoewaos, mokal sagedipoen ngwontenaken rembag damel concordoat.

Pawartos ingkang tinampi Minister Koloniën Lord Passfield, saking Sir John Ducane goepernoer ing Malta salebetipoen April — Mei, anedahaken bilih kerep wonten lalampahan tijang ngaken dosa mawi dipoendangoe manawi wonten pilihan poenapa badé milih partinipoen paréntah (parté Lord Strickland). Manawi tijang waoe mangsoeli „inggih" ladjeng boten kaparingan pangapoenten.

*Dosa milih Strickland.*

Ing palapoeran kaserat oegi tjonto-tjonto lalampahan boten kaparingan pangapoenten manawi milih Lord Strickland. Kapratélakaken oegi serat-seratipoen para Biskop ing Malta lan Gozo dateng titijang Katholiek, asoeraos: manawi ngantos milih Strickland dalah sawenang-sawoengipoen, poenika dosa ageng.

Paréntah Inggris ladjeng mrotès serat waoe, . . . sarta sagedipoen rerembagan malih kedah serat waoe katjaboet roemijin, perloenipoen soepados grombolaning djoeroe milih saged angsal kamardikan ing bab pamanggihipoen prakawis politiek,

Djanggelan ingkang makaten waoe. Vaticaan boten poeroen nampi.

Sawatawis dinten kapengker, wakil Inggris ing Vaticaan nampèkaken serat dateng Kardinaal - Secretaris, asoeraos anglahiraken tjoewaning manah déné Vaticaan boten njoemerepi perloenipoen ngawontenaken tatanan ingkang practisch kanggé moelihaken katentreman oemoem.

Serat waoe sateroesipoen moengel: „Vaticaan saiki malah ora gelem toemandang perloe ambalèkaké kaananing politiek Malta kaja maoemaoené. Sadoeroengé koewi, sadjroné sawatara sasi, Vaticaan tansah ngendé-endé enggoné arep nganakaké pradjandjian kang namtokaké lalawanané Pasamoewan Soetji karo Nagara kaja kang woes didjandjèkaké. . . . . Lan, wasanané mokalaké ananing concordaat maoe asesèndèn wawaton *awaké* panggedé ing Malta: kang mangkono ikoe ora lija mesti ateges anandoekaké pangaribawa ana ing politiek sadjroné nagara djadjahan Inggris".

Poenika sadèrèk ringkesaning soeraos ingkang kaseboet wonten ing Witboek.

Sasampoenipoen koela ngatoeraken ringkesan waoe, sapoenika koela ngatoeraken lalampahan[2] ing pawingkingipoen ingkang gagandéngan kalijan daredah kaseboet nginggil.

Tg. 5 Juni, oetoesan Inggris ing Vaticaan kadawoehan wangsoel dateng Inggris kanggé sawatawis wekdal.

Malta 9 Juni, Aneta Reuter.

Sabakdanipoen Koerban Mis ing Grédja Agoeng kala dinten Pantékostah tanggal 8 Juni (— ingkang ngoendjoekaken Mis Kg. Maha Biskop, ingkang kawartosaken satroe boeboejoetan kalijan Lord Strickland —), ing radinan ramé sanget. Tetijang sami gogolongan sarta ngoewoeh: „Widada Lord Strickland! hantjoer Mussolini! Hidoeplah Engeland! . . lenjaplah Itali!!

Poelisi sami toemandang ngésahaken tetijang waoe.

Satoenggiling pambantoe serat kabar Itali ingkang damel artikel nglawan paréntah Malta sami kinepang tijang - tijang, sarta saged wiloedjeng sareng mladjeng mlebet ing grija apotheek.

Kondoeripoen Kg. Maha Biskop dateng kadaton dipoendèrèkaken poelisi. Semanten oegi oemat Katholiek sami andèrèkaken kalijan keplok[2], sarta nimbangi pambengokipoen ing mengsahipoen.

Wonten tijang sawatawis sami katahan. Salebetipoen wonten ramé[2] waoe toko[2] sami kaineb. Pambantoe serat kabar kaseboet nginggil sarta verslaggever bangsa Itali kekalih, sami anilar Malta.

*Protèsipoen Kg. Maha Biskop.*

Aneta tanggal 11 Juni saking Malta, martosaken: Kg. Maha Biskop boten narimahaken tandoekipoen poelisi kala tanggal 8 Juni waoe. Ing protès kaseboetaken poelisi nglonggari para damel ramé kanggé ngawontenaken onar-onaran. Pandjenenganipoen neda soepados ing béndjingipoen tandoeking poelisi boten mawi mawang tijang ingkang badé dipoenajomi; dados boten ambédak-bédakaken.

Kg. Maha Biskop boten sardjoe sanget déné goepernoer (Lord Strickland) nglilani nganggèkaken serat kabaripoen paréntah kanggé ngadjani artikel-artikelipoen Lord Strickland, perloe ngérang - érang, njapèlèkaken Pasamoewan Soetji lan prijantoen[2] Pasamoean Soetji.

* *

Gandèng kalijan prakawis ing nginggil, para maos koela atoeri merlokaken maos artikelipoen *Patjar Mérah* dinten poenika.

# KABAR OEMOEM.

## INDONESIA.

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

### P. G. H. B. afd. Mataram damel motie.

Kala Salasa sonten poenika, P.G. H.B. Ngajogjakarta damel parepatan oemoem manggèn ing Djajadiporan, wiwit djam 8-11 angrembag oesoelipoen H. I. O. C. dateng Paréntah. Ingkang dateng langkoeng saking 1200 tijang, pakempalan ingkang ngintoenaken wakil 28, kalebet oegi H. B. P. P. K. D.

Kekentelaning rembag, parepatan boten moepakat manawi Paréntah ngantos njoeda tjatjahing H. I. S. mila ladjeng damel m o t i e kados ing ngandap poenika:

Rapat oemoem diadakan pada hari boelan 17 Juni 1930 di Djojodipoeran, Mataram, jang dikoendjoeng oleh 28 wakil - wakil dari beberapa perkoempoelan, dan koerang lebih 1200 orang,

Mendengar,
pembitjaraän - pembitjaraän tentang poetoesan-poetoesan Commissie H. I. O. jang penghabisan, dan oesoel-oesoei (voorstel-voorstel) jang kedjadian oleh karena itoe, oesoel-oesoel mana bermaksoed t i d a k a k a n m e n a m b a h H. I. O.,

Menimbang,
b a h w a H. I. O. itoe pada masa sekarang soeatoe factor jang tiada boleh diabaikan oentoek kemadjoean tanah ini, dan soeatoe alat sendjata jang koeasa bagi masing-masing orang dalam hal mentjahari penghidoepan,

b a h w a hal tidak tambahnja H. I. O. itoe akan mendjadi rintangan bagi kemadjoean ra'jat Boemipoetera,

b a h w a soerat-soerat peratoeran (reglementen) dan soerat-soerat hoekoem (voorschriften) kebanjakan ditoelis didalam bahasa Belanda, sehingga sementara pengetahoean dalam bahasa itoe perloe sekali bagi rakjat seloeroehnja,

b a h w a H. I. S. didjadikan Schakelschool itoe berarti mengoerangi kesempatan bagi anak-anak Boemipoetera oentoek menoentoet pengadjaran di H. I. O., pada hal banjaknja moerid jang diterimanja pada Schakelschool dimana - mana kelas lebih koerang dari pada banjaknja moerid di H. I. S.

b a h w a W. O. jang diberikan oleh orang jang barangkali dipandang koerang tjakap oleh Pemerintah, itoe, menilik boeahnja jang menjenangkan hati, soeatoe pertolongan atas besar keinginan akan H. I. O., keinginan mana jang selaloe bertambah-tambah,

b a h w a H. I. O. itoe djoega dipandang amat perloe sekali oentoek mempertinggikan cultuur bangsa, oleh mereka jang memperhatikan tjara lain dalam hal onderwijs, sehingga tidak menambah H.I.O. dengan tiada memberi apa-apa jang mendjadi gantinja, itoe akan mendjadi rintangan besar dalam hal mempertinggikan cultuur terseboet,

Memoetoes,
m e n j a t a k a n s e t o e d j o e n j a dengan poetoesan-poetoesan Verbondsbestuur P. G. H. B. termaktoeb dalam brochure „De H. I. S. in gevaar" menjoetoedjoei pendapatan Boemipoetera seoemoemnja, jang soepaja H. I. O. itoe adanja diteroeskan dan dipertambah, lagi poela kalau mengingati bahwa perbandingannja anak Boemipoetera jang menerima pengadjaran W. O. itoe djaoeh lebih ketjil sekali dari pada perbandingannja anak bangsa Europa dan Tionghoa jang menerima pengadjaran terseboet,

mohon dengan sangat kepada Pemerintah soepaja djangan melakoekan tingkah tenaga jang dapat mendjadikan koerangannjaH.I.O.,

mempermakloemkan motie ini kepada Pemerintah dan Volksraad (Dewan Rak'jat) dan soerat kabar (pers),

laloe melandjoetkan pembitjaraän.

# MANTJA NEGARI.

**HINDOE.** *Ébah - ébahan Gandhi salebetipoen minggoe kapengker.* Barisan Afridi lan Lashkaren, moendoer, margi kadawahan bom 5000 saking nginggil. Wates iring Lèr Kilèn taksih matosaken, tansah dipoen-ngganjingi montor maboer.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## DAREDAH PRAKAWIS MALTA.

### Sampoen andel - andelen oengeling gamelan saselé.

*Swara Tama* dinten poenika ngewrat kadadosan ing Malta ingkang andjalari kosèkipoen Vaticaan kalijan Inggris, ngantos oetoesan ing Vaticaan kanggé sawatawis wekdal kaoendang wangsoel.

Perloe kaèngetaken bilih palapoeran kawrat ing *Witboek* waoe damelanipoen golongan Paréntah *Baritanijah*.

Mila sinten ingkang nedya mawas, kedah boten namoeng nilingaken palapoeran ingkang kawrat ing Witboek. Awit, manawi makaten tetep, namoeng nilingaken oengeling gamelan saselé, andjalari boten resiking wawasan.

Patjar Mérah mawi tjaloeloek makaten, . . . . . poenika namoeng mékani elokipoen tijang ingkang remen *andjomplangaken tradjoe*.

Katjarijos,
sampoen sawatawis lami papréntahanipoen Lord Strickland ing Malta gadah tandoek mengsah sadaja prajagoenging Pasamoewan Soetji ing ngrikoe.

Kala taoen kapengker, ngarsa dalem Maha Biskop ing Malta ngandikakken wonten ing s. k. *Universee* bilih papréntahanipoen Lord Strickland kalepatan anggènipoen: 1. toemoet tjawé - tjawé prakawis ingkang *mligi kalebet laladan rohani*. 2. Wonten *salebet lan sadjawining parlement* tansah ngatingalaken anggènipoen *mengsah para prijantoening Pasamoewan Soetji.*

Kala Januari 1929, paréntah lan parlement Malta neda soepados Vaticaan oetoesan niti pariksa kadadosan - kadadosan ing Malta. Kelampah Ngarsa dalem oetoesan Mgr. Robinson, prijantoen Amerika, sapoenika djoemeneng Oetoesan Vaticaan ing pradja Polen.

Nanging, nalika angsal-angsalaning paniti priksa tétéla *ngawonaken* (ngalakaké) Lord Strickland dalah papréntahgnipoen, . . . . . paréntah ladjeng *boten sardjoe*.

Awawaton palapoernipoen Mgr. Robinson, pandjenengan dalem Kardinal Gasparri andawoehaken katrangan soeraosipoen: 1. Lord Strickland ingkang dadosipoen premier ing Malta boten dipoenbenoem paréntah Baritanijah, boten mredceli wet - wet, boten mredoeli wewenang toewin raosipoen para ngoelama poenapadéné kawoela Katholiek ing Malta. Anggènipoen ngérang - érang sarta merangi Pasamoewan Soetji, Agami, tanpa riringa. 2. Margi makaten wace, para kawoela ladjeng sami kétjalan piandelipoen dateng paréntah, manahipoen sami sengit . . . Lan, . . . anggènipoen Lord Strickland njapèlèkaken para prajagoenging Pasamoewan Soetji, inggih ladjeng andjalari tetijang sami njapèlèkaken para prijantoening nagari."

Ngèngeti ing nginggil poenika, sampoen leresipoen para Biskop ing Malta ladjeng andawoehaken béndjing jèn wonten pilihan tijang Katholiek *boten kapareng milih golonganipoen parté Lord Strickland*.

Tindakipoen para Biskop ingkang makaten poenika paréntah Malta amastani „*molitiek*" (mangka leresipoen loegoe Katholieke Sociale Actie), ngantos wontening pilihan *dipoensoemenèkaken* roemijin.

Makaten sadèrèk nalaripoen ingkang *bakoe*, leres, kados ingkang kapratélakaken wonten *De Koerier* tanggal 7 Djoeni.

Perloe oegi pandjenengan soemerepi :

**„wonten kalanipoen menawi perloe sanget, pangagenging Pasamoewan Soetji ngawisi tijang Katholiek ambijantoe satoenggiling partij politiek, . . . sarta awisan waoe mawi ginantoengan paoekoeman, dados inggih kalebet éwoning dosa ageng boten mbangoen mitoeroet.**

Sampoen mesti kémawon ingkang makaten waoe namoeng toemrap betahing Agami, kasoesilan; oetawi prakawis kabetahan waoe dipoenbebekta wonten salebeting rembag politiek, toer kedah wonten nalaripoen ingkang wigatos sanget."

Pangagenging Pasamoean Soetji manawi perloe wonten kalanipoen damel awisan mekaten poenika, sok tijanga boten saged nglepataken. Djer poenika éwoning wewenang lan pangoewaosipoen Pasamoewan Soetji, margi anggènipoen *roemeksa* wiloedjenging poetra - poetranipoen.

Sasampoenipoen koela maos tilgram-tilgram lalampahan ing Malta, koela kèngetan papatjaking Pasamoewan Soetji boten marengaken *para Pastoer angembat politiek*. Lan, . . . dawoehipoen Roem prakawis waoe inggih *wantos-wantos saèstoe*.

Koela mrelokaken oegi angglédahi kepèk - kepèk koela ingkang anggepok: „ngoelama Katholiek kalijan politiek" toewin „pambangoentoeroet dateng para pangagenging Pasamoewan Soetji." Kaleresan koela saged pikantoek tjatetan dawoeh dalem Pius XI, dateng tetijang Katholiek ing *Malta*.

Sawatawis taoen kapengker, ngleresi dinten Rebo sonten tanggal 21 Augustus, kalanipoen tetijang Katholiek Malta sami soedjarah dateng Roem, sarta ladjeng sowan ngabekti pandjenengan dalem Pius XI, sami kadawoehan makaten :

„Manawa kowé dikandani (— lan sing mengkono ikoe ora moeng kalakon ing Malta; oega ing kanakana —), jèn : Kg. Paus *angembat politiek, adja pada ko - andel.* Nata Pandita ing Roem, moeng nindakaké „politiek" sidji, jaikoe kang ngrahajokaké soekma-soekma, kang agawé kaloehoeran Dalem Pangéran, hija kaloehoeraning Pasamoewan Soetji. Nanging koewi doedoe politiek ; mligi Agama.

Mesti baé manawa karahajoning soekma lan kaloehoeraning Pasamoewan Soetji ana sadjroning *babaja*, . . . ora pradoeli apa baé kang dadi sababé, ija sanadyana kagawa déning politik pisan . . . . . . ., pandjenengané ora *bakal mandeg - toemalih*, woes mesti ngangseg ana ing papan bebaja maoe preloe *moerinani* soekma-soekma lan Pasamoewan Soetji.

Manawa ana wong (— kaja kang kelakon ing kana-kana —) nganggep awaké: Katholiek betjik, lan bakal bisa lestari betjik, mangka ora gelem mbangoen - mitoeroet para biskop, ora gelem ngoermati Wawakil Dalem Sri Jésoes, . . . koewi adja koandel. Mokal banget wong bisa djeneng Katholiek, loewih - loewih bisa aran Katholiek betjik, manawa ora mbangoen-mitoeroet para biskop lan Wawakil Dalem Sang Kristoes."

Para sadèrèk! Dawoeh dalem ing nginggil poenika kénging kanggé oelar[2] ngoedari lelampahan ing Malta.

Sapoenika tjekap samanten kémawon atoer koela.

Weling koela dateng *sadaja kémawon,* sampoen ladjeng sami goegon-goegonen!!

Kumuningsaselé 15 Juni '30.
Taklim : *Patjar Mérah.*

N. B. Tetemboengan ing Ontjèn no. 24, kolom 5, tengah : „ . . . . Tetemboengan poenika manawi koela emataken, n a m o e n g a t e g e s, poenika lepat; leresipoen : n a - w o e n g t e g e s. Ma'af ! *Corrector.*

Baékotan barang-barang wedalan Inggris saja sereng.

Ing Vellore, 120 K. M. saking Madras, golongan Islam kalijan Hindoe sami tjampoeh, ingkang pedjah nem, tatoe 40. Ingkang dados djalaran : wonten tijang Islam ngoengelaken tataboehan wonten satjelakipoen tjandi Hindoe.

Poelisi nindakaken glédahan wonten hoofdbureau provinciaal Benggaalsch Congresbestuur ing Calcuta; tijang 62 katahan; poelisi saged ngrampas dedamel - dedamel, obat, gendéra kabangsan, serat-serat.

Kala anglédah ing hoofdbureau v. h. Congres ing Bunder, saged nahan tijang 30.

Wonten ing Chechuat (distrik Midnagur, Bombay) poelisi tjampoeh kalijan tetijang sami sikep dadamel; katah ingkang tiwas.

Sasampoenipoen karembag mateng ngantos 4 dinten, bestuur Congres Partij moetoes neda dateng tetijang Hindoe soepados nglawan papatjak énggal kekalih, i. p. postordonantie lan oekoeman dateng tijang ingkang boten poeroen ambajar paos.

Ambtenaar goepermèn kateda soepados boten mitoeroet dateng pranatan énggal kalih waoe. Pambaékotan dateng ambtenaar ingkang toemoet mengsah tetijang ingkang boten poeroen ambajar paos, dipoenadjengaken. Serat-serat kabar dipoenlilani medal malih, semanten waoe manawi tjalon isi artikel-artikel nglawan ordonantie kaseboet, toewin ngoemoemaken poetoesaning kongrès. Manawi boten makaten, commissie boten poeroen njaboet awisan ngedalaken serat kabar kados panedanipoen journalistenbond ing Delhi. (— N. B. Sawedalipoen drukpersreglement énggal mawi neda tanggelan arta kanggé satoenggal-toenggaling serat kabar, Congresbestuur kabangsan moetoes boten ngedalaken serat kabar).

Ing distrik Khaira (Benggala) lan Khulna disrtrik Midnapur oegi toewoeh reresah. Sanadyan wonten awis-awisan kentjeng, ngawisi tijang arak-arakan, éwadéné ing Bombay wonten arak - arakan dipoenpangagengi Kapadia, saking Hoofdbureau v. h. Congres, perloe ngoermati wontening oendang perang ing Sholapur. Poelisi ambibaraken, — tijang ingkang tatoe 7 — ; nanging meksa wonten tijang 25.000 sami saged nglempak malih sarta damel meeting wonten Maiden. Kita ngrikoe neda dipoenbijantoe militèr. Makaten oegi ing papan sanès sawatawis inggih neda pitoeloenganipoen soldadoe, poenika gagandéngan kalijan sedya ngentjengi pergerakan anti-post-ordonantie ing salebetipoen minggoe poenika.

**INDO CHINA.** Gandèng kalijan toewoehing reresah ing Indo China kala tigang minggoenan kapengker, goepernoer Cochin China ngedalaken serat anedahaken dateng tijang alit bilih paos-paos 1930 langkoeng sakedik tinimbang taoen 1929. Paos personeel soeda sapalih tinimbang taoen kapengker.

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA — BANDOENG
Telf. 252 — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama
**dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON
DUNLOP — RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

**GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG**
**MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.**

Boeat toean poenja
**Recept**[2]

ERCEE

APOTHEKEN
**Rathkamp** & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:**
**„WIRIOSOESENO"**
**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **kawadahan ing blèg, netto** | **10** | **5** | **2½** | **1** | **½** | **kilo;** |
| **sablèg regi** | **10,50** | **5,50** | **3,-** | **1,30** | **0,75;** | |

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING
**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

**INTERNAAT NGAJOGJAKARTA.**

Badé kabikak bèndjing Djoeli tanggal 1 taoen 1930 pantisiswa (internaat) kanggé para moerid Djawi golongan anakipoen tijang tjekap, sinaoe ing pamoelangan andap oetawi ladjengipoen pamoelangan andap; papanipoen wonten ing tilas grija mardi laré (verzorgingsgesticht) ing Bintaran kilèn 16 Ngajogjakarta. Bajaranipoen oenda-oesoek wiwit f 20 — f 35 ing sawoelan mawi-mawi pamedalipoen, kasoewoen roemijin ing saben woelanipoen.

Sinten prijantoen ingkang badé noempangaken, moegi pratéla dateng salah satoenggilipoen prijantoen ngandap poenika:

R. M. L. J. Sastrawinata — *Koemendaman.*
R. S. Danawinata — *Tédjakoesoeman.*
R. C. Soegiri — *Koemetiran.*
R. F. Oetaja — *Langenardjan.*
R. M. J. Hardjadiningrat — *Sasraningratan (Pakoealaman).*

Wonten salebeting parlement ing Paris, Parangakik, kala 13 Juni, Monsieur Pietri, minister Kolonie mratélakaken toewoehing gégéran ing Indo China poenika mesti kasababaken déning propaganda kominis, ingkang angsal pambijantoe ageng sanget saking barisan kominis ing Canton.

**TIONGKOK.** *Badé tentrem ? ? ?*

Tilgram saking Shanghai 11 Juni, njarijosaken Nanking manah sagedipoen burgerloorlog ing Tiongkok sirep Chang Hsueh Liang lan Li Chai Soen tilas goepernoer Kanton, pinidji sageda adamel tentrem. Yen Hsi Shan kalijan Feng Yu Hsiang, neda itjalipoen Chiang Kai Shek. Wang Ching Wei, panoentoen Kuo Min Tang barisan kiwa, bokmanawi tjalon dipoenadjak ngedegaken papréntahan, ingkang wasananipoen para nara pradja ing Nanking sapoenika kedah ladjeng kèndel. Chiang Kai Shek ngakeni kawontenan sapoenika boten saged kasirepaken déning dajaning sendjata, lan inggih poeroen kèndel oeger wadyabalanipoen menawi wonten ing pangawasanipoen djéndral énggal, boten kaéwah-éwah. Pijambakipoen roemaos manawi kateroesaken perang boten sandé wadyabalanipoen mesti risak.

Éwahing kawontenan Tiongkok sapoenika temtoenipoen badé dangoe, éwadéné Nanking amestani lèrèhipoen Chiang Kai Shek poenika satoenggiling sarana ingkang kénging kaadjeng-adjeng sageda moelihaken katentreman ing Tiongkok.

Tilgram 12 Juni, njarijosaken kongsoel Inggris ing Amoy neda datengipoen kapal perang Inggris, kanggé ngajomi bangsa Inggris.

**DJERMAN.** *Tijang nganggoer.*

Berlin kataksir wonten 2.637 000 kala taoen kapengker 1.250.000.

Matoer noewoen doemateng pandjenenganipoen:

1. Bandara Dokter
2. Para Soester
3. Para poenggawaning grija sakit:

Ingkang sampoen paring pitoeloengan ngoepakara sakiting anak koela nami **Maria Soejati** saèngga sampoen saged saras, wonten ing grija sakit Moentilan.

Mangka sampoen rambah kaping 3 wonten ing Ngajogja dipoenpitoeloengi Dokter dèrèng saged saras.

Koela tijang sepoehipoen laré ingkang mentas saras.

SETJODIHARDJO.

**AMÉRIKA.** *Padagangan tijang èstri.*

Justitie ing Buenos Aires ngonangi pakempalan ageng sedyanipoen andagang tijang èstri. Ingkang dados panoentoenipoen anama Korn, lan wonten tijang-tijang 400 ingkang kakinten toemoet tjampoer prakawis waoe.

Padagangan poenika anggènipoen pados langkoeng-langkoeng wonten Polen. Pakempalan kaseboet sampoen 10 taoen anggènipoen toemandang damel lan atetopèng nama pakempalan ingkang anggajoeh kaoetamèn. Saben taoenipoen saking Éropa Wétan kémawon boten kirang tijang èstri 200 ingkang kakintoenaken dateng Argentinië.

Paréntah ing Bolivia, Uruguay, Argentinië, sami katingal latjakipoen amerangi padagangan laré èstri wonten ing kita Paris, Bèrlin, toewin Warschau. Tijang[2] ingkang sami dagangan ing Argentinië waoe sami sasambetan kalijan atoesan tijang ing Frankrijk, Duitschland toewin Polen.

Laré ingkang kasoekakaken dateng pakempalan kaseboet nginggil anggènipoen ngintoenaken saking Bordeaux. Laré èstri satoenggal saged padjeng 5000 doemoegi 15.000 francs. *(De Telegraaf).*

**ROEMENIË.** *Pangéran Carol djoemeneng nata.*

Pangéran Carol, tilas Adipati anèm ing Roemenië, mitoeroet kakantjingan kala 4 Januari 1926, dipoentoendoeng saking karaton, boten gadah wewenang dados ratoe, ladjeng poetranipoen Michael, winisoeda dados ratoe. Rèhné taksih alit dipoenembani Pangéran Nicolaas, sadèrèkipoen Pangéran Carol.

Nanging, sapoenikanipoen kakantjingan kaseboet nginggil dipoentjaboet. Swanten ing parlement wonten 486, sami njaroedjoeki pangéran Carol dados ratoe, Michael dados Adipati anèm. Ingkang boten tjotjog namoeng swanten satoenggal. Ngarsa dalem Nata Vaticaan soeka pambagja wiloedjeng.

**Zoo juist verschenen:**

ZESDE LEERJAAR VAN

**ONS TAALBOEK**

STEL- EN SPELOEFENINGEN

VOOR DE H. I. S.

DOOR

**A. van DIJK.**

**PRIJS F 0.75.**

KLEERMAKER ACHMAD
TAMBAKSEGARAN
SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng
**mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.**

**DAMELANIPOEN NÈTJES:**
**ÉPAHANIPOEN PANTES.**

EIGENAAR ACHMADJASIN